

SS.7.C.1.2

Swiv tras enpak la ke Magna Carta a, Deklarasyon Dwa Anglè a, Mayflower Compact, ak Bon Sans Thomas Paine lan te genyen sou opinyon kolon yo de gouvènman.

SS.7.C.1.2 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye lide enpòtan ki nan Magna Carta a, Deklarasyon Dwa Anglè a, Mayflower Compact, ak Bon Sans.

Magna Carta a te ekri pa jantizom Anglè pou fòse wa John Angletè a pwoteje sèten dwa pè e pou limite nan pouvwa wa a. Dokiman an te di ke wa a dwe swiv lwa yo nan peyi a. Li te pèmèt tou moun yo gen libète yo pat genyen anvan.

Yon lide enpòtan de Magna Carta a, **monachi a te limite**. Sa vle di, wa a dwe pataje pouvwa a ak Palman an (lejislati Angletè a), dwe swiv konstitisyon an, ak lwa palman an pase. Twa lòt lide te soti nan Magna Carta a: Writ of **habeas corpus**, regne pa yon konstitisyon, ak **lalwa komen**. Magna Carta a, byenke li pat totalman yon siksè, te vin tounen yon senbòl nan lide ki fè konnen menm yon wa pa pi wo pase lalwa a.

Deklarasyon Dwa Anglè deklare ke chak moun posede dwa endividyle ki dwe pwoteje. Dwa yo nan dokiman an te enimere, oswa te nan lis la, e enkli dwa pou pote zam ak dwa pou petisyon wa a (pou mande wa a pou l rezoud pwoblèm). Dokiman sa-a te enpòtan tou paske li voye yon mesaj ke konsantman pèp la nan gouvènman an te nesesè.

Mayflower Compact mete anplas yon gouvènman avèk premye lwa kite te ekri pou kolon Anglè yo ki te rive nan Plymouth, Massachusetts. Dokiman sa-a prezante lide pou koloni yo gouvène **pwòp tèt yo**. Kolon Plymouth yo te vle yon gouvènman ki baze sou **konsantman moun lap gouvène** a ak sou lwa jis ki aplike egalman a tout moun. Yo kwè tou nan enpòtans ki genyen nan yon kontra sosyal, ki vle di ke gen moun ki bay pèmisyon pou yo gouvène yo osi lontan ke gouvènman an pwoteje dwa ak libète pèp la.

Bon Sans se yon ti liv (bwochi) ki te ekri an 1776 pa Thomas Paine, ki te ankouraje kolon yo al chache endependans yo de Angletè. bwochi a akize Wa George III Angletè de **tirani**, defye dwa li pou egzèse pouvwa li sou kolon yo, e blame l akoz li trete kolon yo enjisteman. Paine tou te ekri ke koloni yo bezwen yon konstitisyon a lekri avèk yon seri règ anplas ke tout moun ta swiv e gouvènman an patap kapab abize pouvwa li.

Bon Sans - yon ti liv ki te pibliye pa Thomas Paine an 1776 pou konvenk kolon Ameriken yo pou yo sipòte vini endependan de Angletè

Deklarasyon Dwa Anglè - yon dokiman gouvènman ki elaji Pouvwa Palman Angle a ak elaji dwa pèp la, osi byen ke plis limite dwa wa a; kite ekri pa manm Palman Anglè a an 1689

Gouvène pwòp tèt ou - populè oswa sistèm reprezantan kote moun yo kreye epi egzekite pwòp gouvènman yo

habeas corpus - prensip ke gouvènman an genyen pou bay yon kòz oswa yon rezon pou kenbe yon moun nan prizon

konsantman moun yap gouvène yo - yon akò ki fèt pa pèp la pou yo etabli yon gouvènman e obeyi lwa li yo

Lalwa komen - lalwa ki baze sou koutim ak desizyon legal ki te fèt avan; yo te itilize nan ka sivil

Magna Carta - yon dokiman pou gouvènman an ki limite pouvwa wa Angletè a, e pwoteje dwa noblès la; ekri pa chèf Anglè noblès la an 1215

Mayflower Compact - yon akò ant moun ki te kreye gouvènman an kita bay lòd ak pwoteje dwa kolon yo; ki te ekri pa yon gwoup Anglè Puriten nan Massachusetts an 1620

monachi ki limite - yon sistèm gouvènman kote wa a oswa rènn lan pataje otorite l avèk yon lejislati ki eli epi li dakò pou yo lye pa konstitisyon oswa yon seri de lwa, ke yo konnen tou kòm yon monachi konstitisyonèl